**A Mavambo ekukonana**

- Kupandukira Mwari kwakavako vanhu vasati vavapo (Gen. 3:1). Jesu akadana munhu uyu anokonzera kusavimbana naMwari nezvisikwa zvake kuti “muvengi,” waakazivisa sadhiyabhorosi (Mt. 13:39). Mwari akasika dhiyabhorosi here, kureva kuti Mwari akasika munhu akaipa here?
- Bhaibheri rinotiudza kuti dhiabhorosi ingirozi inonzi Rusifa (Isaya 14:12). Ngirozi iyi yakasikwa yakakwana uye yakanaka (Izi. 28:12 ). Iye akakwidziridzwa kunzvimbo yakakwirira zvikuru iyo ngirozi yaigona kushuva: kerubhi rinodzivirira (Izi. 28:13-14).
- Mwari akamupa, sezvisikwa zvake zvose, rusununguko rwokusarudza uye, nenzira isingatsananguriki, Rusifa akasarudza kupandukira, uye akashuva kugara pachigaro choumambo chaMwari (Izi. 28:15; Is. 14:13-14).

**B Kumukira Kudenga**

- Muchishuvo chake chokubvuta chigaro cheKudenga, Rusifa akamutsa kusava nechokwadi mungirozi pamusoro peruramisiro yehurumende youmwari. Handiti vaive vakasununguka vese here? Sei kuzviisa pasi pemitemo yakaoma uye, pamwe, isina kururama?
- Rusifa akaramba kudanwa kwose kworudo rwaMwari kuti ashandure mafungiro ake.
- Kumukira uku kwakazova kurwisana kuri pachena, hondo apo ngirozi imwe neimwe yaifanira kuita sarudzo yayo. 1/3 yengirozi yakatevera Satani, dzmwe dzose dzikaramba dzakatendeka kuna Mwari (Zva. 12:4a).
- Iko zvino hondo iyi iri kuenderera mberi. Satani achiri kushanda. Anoedza kukwevera munhu wese kuti apandukire Mwari. Kune mativi maviri chete. Vaya vanoda kuteerera Mutemo waMwari, kana kuti vaya vanouramba. Sarudzo ndeyedu (Deut. 30:11, 16, 19; Josh. 24:15).

**C Kumukira paNyika**

- Mwari akasika ngirozi munzvimbo isina chivi, yakakwana. Saizvozvowo, Mwari akasika vanhu vari mumhoteredzo yakakwana, isina chivi (Gen. 1:31).
- Mwari akatisikawo tiine simba rekusarudza takasununguka. Saka, Adhamu naEvha vaigona kushandisa rusununguko irworwo, akavapa murayiro wakapfava: “asi muti wokuziʋa ʐakanaka neʐakaipa usaudya” (Gen. 2:17).
- Nokunyengera,Satani akaita kuti Adhamu naEvha vakasava nechokwadi naMwari, vakasamuteerera, uye vakabva patsime roupenyu (Gen. 3:6, 9-13, 19). Adhamu akazarura musuo wokuti chivi chipinde, uye nokudaro rufu rwakapfuurira kuvanhu vose (VaRoma. 5:12). Tose tiri kubhadharira chivi chaAdhamu here?
- Mumwe nomumwe wedu anoripira zvivi zvake: “nokuti ʋose ʋakatadza, ʋakasaʂika pakubginya kwaMŋari” (VaRoma. 3:23).

**D Rudo rwunodzorera**

- Kunyange asati azivisa migumisiro yokusateerera, Mwari akaudza Adhamu naEvha kuti kwakanga kuine zano rokudzikinurwa kwavo (Gen. 3:15).
- Vanhu vakanga vazviparadzanisa pachavo kubva kuMusiki. Asi panzvimbo pokusiya vana vake vasingaongi, Mwari akaratidzira chimiro chake chechokwadi kubudikidza nokuvada zvisingadaviriki (Johani 3:16).
- Rufu rwaisafanira kuva mugumo usingagumi womutadzi. Jesu akaratidza rudo rwake nekubhadhara mutengo wechivi neupenyu hwake (VaRo. 5:8).
- Hapana chiri matiri chinoita kuti tikodzere kudiwa naMwari. Zvisinei, nedonhwe rose reropa rakadeurwa naJesu paKarivhari, Mwari anotiudza, kuti: “Ndinokuda.”

**E Kukonana zvino**

- Iko zvino, Jesu ari kutireverera muSenjuwari yeKudenga(VaHeb. 9:24; 7:25).

- Nekuda kweropa rake rakadeurwa pamuchinjikwa, Jesu anotiisa pamberi paBaba - uye pamberi pevagari vese veKudenga neNyika - sevanhu vakarurama, vakakwana, vanokodzera kugara munzvimbo Kudenga.
- Naizvozvo, tinokokwa kuti tisvike kuna Mwari nechivimbo kuburikidza naJesu(VaHeb. 4:15-16).
- Jesu anoda kuti tivimbe naye pane zvose zvatinoda muupenyu hwedu (Joh. 14:13-14). Pane kutya, anouyisa rugare; pane mhosva, anokanganwira; pane utera, ndipo paanopa simba.
- Chishuvo chikuru chaJesu ndechekugara nesu nokusingaperi (Johani 17:24). Chishuwo chako chikuru here ichi?